



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL FÈ TABLEWONN AK PARAN POU DISKITE SOU EFÒ POU KONBAT KRIZ SANTE MANTAL JÈN YO AK EFÈ DANJERE MEDIA SOSYAL yo

L ap kontinye mete presyon pou lejislasyon lidè nasyonal pou konbat algorit rezo sosyal ki adiktif epi pwoteje timoun yo sou entènèt

Tablewonn paran swiv dènye diskisyon yo nan tout Eta a ak elèv yo, pwofesè yo ak pwofesyonèl sante mantal yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rankontre vityèllman ak paran ki soti nan òganizasyon defans yo atravè Eta New York pou diskite sou efò kontinyèl li pou konbat kriz sante mantal jèn yo. Gouvènè a te mete aksan sou pouse li pou lejislasyon k ap mennen nan peyi a ki adrese sekirite sou entènèt ak enpak danjere rezo sosyal yo nan dènye jou Sesyon Lejislatif Eta 2024 la.

"Ak sèlman yon semèn ki rete nan sesyon lejislatif la, pase lejislasyon pou pwoteje timoun nou yo sou entènèt se pi gwo priyorite mwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te koute paran yo, jèn moun, edikatè yo ak pwofesyonèl sante mantal nan tout eta a, epi yon bagay ki klè - algorit rezo sosyal adiktif yo ap alimante kriz sante mantal jèn yo epi nou dwe aji kounye a."

Tab wonn lan te fèt ak paran ak reprezantan òganizasyon ki travay nan Eta New York. Yo gen ladan:

- **Kyle McCauley Belokopitsky (Moderatè)**, Konte Rensselaer, Direktè Egzekitif Kongrè Paran ak Pwofesè Eta New York
- **Doktè Ann Sullivan**, Komisè Biwo Sante Mantal
- **Susan Fox**, Vil New York, Fondatè Park Slope Parents
- **Stephanie Stevens**, Konte Chautauqua, Prezidan YWCA New York ak Direktè Egzekitif YWCA Westfield
- **Scott MacLeod**, Konte Tompkins, Ko-fondatè The Sophie Fund, Inc.
- **Jenny Dembrow**, Vil New York, Direktè Egzekitif Lower East Side Girls Club
- **Julie Scelfo**, Vil New York, Fondatè Mothers Against Media Addiction
- **Elise Gold**, Konte Ulster, Fondatè Maya Gold Foundation
- **Bernice Tsai**, Vil New York, Reprezantan Common Sense Media

- **Meisha Porter**, Vil New York, Prezidan ak Direktè Jeneral Bronx Community Foundation
- **Kathleen Spence**, Konte Suffolk, Pwofesè nan Brentwood East Middle School
- **Arron Muller**, Vil New York, PDG Modify Wellness, Inc.

Gouvènè a konsantre sou avanse de lwa nan fen Sesyon Lejislatif la, ki gen ladan [Lwa Sispann Eksplwatasyon Fliks Adiktif \(Stop Addictive Feeds Exploitation, SAFE\) pou Timoun yo](#) pou mete restriksyon sou eleman rezo sosyal adiktif yo, ak [Lwa Pwoteksyon Done Timoun New York \(New York Child Data Protection Act\)](#) pou mete restriksyon sou koleksyon done pèsonèl minè yo sou sit entènèt yo.

Direktè Egzekitif Kongrè Paran ak Pwofesè Eta New York (NYS Congress of Parents and Teachers, NYS PTA) Kyle McCauley Belokopitsky, te deklare, "Nou aplodi lidèchip Gouvènè Hochul sou pwoblèm kritik sa plizyè milyon timoun lekòl ak fanmi yo atravè Eta New York ap fè fas. Sondaj Sante Mantal ki sot pase nou an pou paran yo, fanmi yo ak edikatè yo te montre ke 82% nan moun ki reponn yo te santi rezo sosyal yo se pwoblèm sante mantal ki pi enpòtan pou elèv yo. Gouvènè Hochul gen rezon ke nou dwe adrese defi enpòtan sa a elèv nou yo ap fè fas nan pran nouvo etap pou pwoteje jèn yo sou rezo sosyal yo. Ansanm, nou pral Sipòte Timoun yo, Sensibilize epi fè potansyèl chak timoun vin yon reyalite."

Angajman Gouvènè a pou avanse pwojè lwa sa yo se yon pati nan pi gwo angajman li pou adrese sante mantal jèn yo nan Eta New York. Anplis envèstisman 1 milya dola nan sante mantal nan Bidjè yo adopte pou Ane Fiskal 2024 la, Bidjè yo adopte pou Ane Fiskal 2025 la bay 20 milyon dola nan [finansman demaraj pou klinik sante mantal ki nan lekòl yo](#) ak yon pwosesis aplikasyon pou akselere prim sa yo, ki te deja garanti atravè pwosesis akizasyon eta a. Inisyativ sa a bati sou [5.1 milyon dola](#) nan finansman eta yo te bay an novanm pou sipòte 137 nouvo klinik ki baze nan lekòl yo –ki gen ladan 82 nan lekòl ki gen bezwen elve yo – epi sa k ap pote kantite total a plis pase 1,200 nan tout eta a.

Bidjè yo adopte pou Ane Fiskal 2025 la gen ladan plis pase 19 milyon dola pou bay jèn yo swen enpòtan, tankou ogmante resous pou jèn k ap resevwa tretman nan kominote yo oswa nan swen rezidansyèl yo.

Inisyativ kle tankou ekip Tretman Kominotè Asètiv pou Jèn yo, ki bay sèvis konplè ak sipò pou jènki riske antre nan tretman sikyatrik rezidansyèl oswa pou pasyan ki entène, yo pral elaji ak 9.6 milyon dola pou kontinye sèvi yo lakay yo ak nan kominote yo chak fwa sa posib. Finansman sa a pral pèmèt eta a devlope 12 ekip adisyonèl pou sèvi jèn nan tout eta a.

Bidjè a ajoute tou 4 milyon dola pou sipòte yon pwogram padon prè espesyalman pou klinisyen sante mantal ki gen lisans k ap sèvi timoun ak fanmi yo. Yon lòt 2 milyon dola te ajoute pou elaji efò byennèt mantal kanmarad ant kanmarad pami jèn yo atravè eta a, ki gen ladan pwogram fòmasyon tankou Premye Swen Sante Mantal pou Jèn yo (Teen

Mental Health First Aid) ki pèmèt Nouyòkè ede zanmi, fanmi oswa lòt manm kominote ki fè fas ak pwoblèm sante mantal oswa itilizasyon sibstans.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)